



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 6 out 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO VOTE LEJISLASYON KI POU PWOTEJE NOUYÒKÈ KONT ESKAMOTÈ ASSISTANS IMIGRASYON**

***Nouvo lwa a ogmante amann pou moun kap abize imigran epi kodifye Office for New Americans la  
(Biwo pou Nouvo Ameriken) ki te louvri lane pase***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te vote lejislasyon ki pou pi byen pwoteje imigran kap viv nan New York kont fwod posib oswa abi lè y ap chache asistans nan zafè imigrasyon. Nouvo Nouyòkè sa yo pral benefisyè egzijans pi strik pou moun ka bay asistans, tankou yon nouvo krim yo ajoute pou dekouraje kalte fwod sa. Pwojè lwa sa chwazi tou New York State Office for New Americans – Gouvènè Cuomo a te lanse lane pase a – kòm yon biwo egzekitif pèmanan pou gouvènman Eta a, ki gen kòm premye objektif pou l pote sipò pou imigran yo. Pou egzekite lwa ki vote jodi a, yon kanpay sèvis piblik nan plizyè lang ap fèt pou kounye a nan tout eta a pou avèti nouvo arive yo kont fwod epi ankouraje yo chache asistan si yo santi yo viktim yon eskamotaj nan zafè imigrasyon.

“New York gen yon long istwa nan resevwa imigran ki soti toupatou sou latè, epi jodi a n ap kontinye eritaj sa ak yon nouvo lwa kap pwoteje nouvo Nouyòkè epi konsolide sèvis n ap bay yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwojè lwa sa pral sipòte sila yo ki vin chache yon lavi miyò pou fanmi yo, epi mwen fyè dèske m fè l tounen yon lwa jodi a.”

Lwa a pral ogmante pwoteksyon atravè amelyorasyon egzijans tradiksyon, ogmantasyon amann sivil pou vyolasyon lwa a ak entèdiksyon itilizasyon tit dyòb kap twonpe yon moun kap chache asistans pou fè l kwè yon founisè sèvis se yon avoka oswa yon pwofesyonèl espesyalis alòske founisè a pa gen ankenn kapasite konsa. Li kreye de nouvo deli, feloni ak enfraksyon fwod asistans imigrasyon.

Anplis, pwojè lwa a kodifye Office for New Americans, Gouvènè a te [lanse](#) nan mwa mas 2013 la, ki pote yon kantite sèvis pou popilasyon ki fenk imigre nan New York la. Lane pase sèlman, biwo a [te ede plis pase 34.000 moun](#) atravè sant opòtinite ki nan katye yo ak yon liy asistans nan plizyè lang gratis (800-566-7636) kap ofri divès kalte sèvis. Sant Opòtinite yo aprann Nouvo Ameriken pale Angle, ede yo nan demach yo pou yo natiralize sitwayen ameriken, ba yo konsèy jiridik gratis pou yo ka kòmanse epi lanse

Haitian Creole

biznis, epitou ofri fòmasyon pou òganizasyon kominotè yo pou yo ka ofri sèvis imigrasyon. Office for New Americans lan se premye biwo imigran onivo eta a ki kreye atravè yon lwa nan peyi a.

Senatè Rubén Díaz te di konsa, “Lè imigran ap chache asistans pandan yo sou wout pou vin sitwayen, yo bezwen gen garanti òganizasyon kap ede yo a pa pral abize yo. Nouvo lwa sa byen defini estanda pou founisè sèvis asistans imigrasyon epi kreye amann strik pou sila yo ki vyole lalwa. Imigran ki chwazi New York kòm rezidans yo pral resi resevwa pwoteksyon yo merite a pandan y ap chache vin sitwayen gran peyi nou an.”

Manm Asanble Marcos A. Crespo, Prezidan Assembly Task Force on New Americans, epi otè Lwa Immigrant Assistans Service Enforcement la, te di konsa “Grasa sipò devwe Gouvènè nou an, yo pap kouri dèyè imigran ankò nan Eta nou an. Nouvo lwa sa pral ede anpeche imigran viktim fwod, ogmante amann sou moun kap eseye eskamote ekonomi imigran fè pandan tout vi yo, bay imigran chans pou yo retwouve lajan frè yo te vole yo ak pou domaj, reponn ak egzijans federal ki pèmèt ou gen rekou lè fwod la entèfere ak kesyon imigrasyon, epi kreye sou yon baz pèmanan Office for New Americans la ak yon manda klè sou travay li gen pou fè pandan ane kap vini yo. Grasa sipò Gouvènè Cuomo, se yon gwo chanjman nan politik piblik ki pral gen yon enpak pozitif sou 4.3 milyon Nouyòkè ki apenn kite nasyonalitye etranje yo. Jounen jodi a, grasa angajman li pou amelyore lavi tout Nouyòkè, pil ak pakèt difikilte ak deli pral bloke pandan plizyè dizèn lane kap vini yo epi plis okazyon pou ede imigran entegre sosyete nou an pral kreye.”

Sekretè Deta New York Cesar Perales te di konsa, “Ak plis kapasite yo mete nan men kominote nou yo atravè sèvis lejitim, nou pap sèlman bay asistans ki nesèsè pou yon popilasyon frajil, men tou n ap kreye opòtinite ekonomik atravè Eta a ki alafen pral nan avantaj chak grenn Nouyòkè. M ap felisite Gouvènè a dèske lap goumen kont eskamotè imigrasyon kap viktim moun ki fenk rive nan eta nou an.”

Steven Choi, Direktè Egzekitif New York Immigration Coalition, te di konsa, “New York Immigration Coalition bat bravo pou Gouvènè Cuomo dèske li vote lwa Immigrant Assistance Service Enforcement Act la, yon lwa enpòtan anpil kap ranfòse kominote imigran New York yo. Nou fyè dèske nou travay sere sere ak biwo Gouvènè a ak manm Asanble Crespo nan ekri yon pwojè lwa ki pote nouvo pwoteksyon kont fwod imigrasyon, pini moun kap chache abize kominote imigran yo, epi mete baz pou agrandi sèvis imigrasyon yo ka fè konfyans atravè Eta a. Nou espere travay ak Gouvènè a ak Office for New Americans lan pou ranfòse lwa sa epi garanti New York envesti l nan kominote imigran ki pral nan avantaj tout Eta nou an.”

Lwa sa vote nan toulede chanm lejislati a sou non S.6732-A ak A.8947B yo chak.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE